Дзэ зэкъуэшыныгъэр ди лъапIэныгъэщ

2-нэ нап.

Щхьэлыкъуэ и спорт ухуэныгъэхэр

3-нэ нап.

«ЩыкIураш»

4-нэ нап.

Зэхуэсышхуэм къриклIуахэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№35 (24.941) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Хъунущ цIыхухэм я зэхуэсыпIэ дахэ

Москва къалэм дэт «Урысей» лъэпкъ центрым щызэхэтащ къэралым и адрей щIыналъэхэми къыщызэIуахыну апхуэдэ IуэхущIапIэхэм я проектхэр утыку къыщрахьа зэхуэс.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ, «Урысей» лъэпкъ центрым и Къызэгъэпэщакlуэ комитетым и унафэщI **Кириенкэ Сергей**, УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ, Лъэпкъ центрым и Къызэгъэпэщакlуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Орешкин Максим**, «Урысей» лъэпкъ центрым и генеральнэ директор **Виртуозовэ Наталье**, губернаторхэр, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и проектыр утыку кърихьащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**. Абы щытепсэлъыхьым Iэтащхьэм къыхигъэщащ «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэр ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ проспектым тет, Правительствэм и Унэмрэ ЗэгурыIуэныгъэм и утыкумрэ яхуэзанщIэ IуэхущIапIэм зэрыхэтынур. Ар хуэгъэпсащ цIыхухэм, республикэм я ехъулIэныгъэхэр щагъэлъэгъуэным, абы еблэгъэнухэр лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм щыгъэгъуэзэным, щIыпIэм и дахагъэр, лъахэм щыпсэухэр хьэщIэхуэфIу зэрыщытыр зыхегъэщIэным. Абы щхьэхуэу хэтынущ «СВО-м и лIыхъужьхэр» Iыхьэр.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ еплъыныгъэм и курыкупсэм республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэ, ехъулIэныгъэм, къарум, «лъагапIэхэм» уахуэзышэ и нэщэнэ Iуащхьэмахуэ къуршым и теплъэр зэритыр. Центрыр щытынущ щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэIущIэхэу щэнхабзэ, гъуазджэ, егъэджэныгъэ, туризм, хьэрычэт IэнатIэхэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэмкIи къызэрагъэпэщынухэр щрагъэкIуэкIыу.

- Шэч къытесхьэркъым ар щIыпIэ екIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми ди хьэщIэхэми я зэхуэсыпIэ дахэ зэрыхъунум, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм и кIэухым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и проектым арэзы техъуащ икIи ар къыдаIыгъащ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм.

Езыхэм я проектхэр апхуэдэу а махуэм ягъэлъэгъуащ Саха (Якутие) Республикэм, Новгород Ищхъэрэ, Ярославль, Калининград, Киров областхэм, Хабаровскэ крайм, Карелие Республикэм я лIыкIуэхэм. А псори щагъэзэщIэну пIалъэхэр яубзыхуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэхэр къэралым и щIыналъэ псоми къыщызэрагъэпэщ Президент Путин Владимир къалэн къазэрыщищIам ипкъ иткIэ. Апхуэдэ унафэ къиштауэ щытащ «Урысей» выставкэр къызэрагъэпэщу Iэтауэ ар екIуэкIа, къэралым хыхьэ щIыналъэ псоми я ехъулIэныгъэхэри абы щагъэлъэгъуа нэужь. Ар хъуащ цIыхубэр зэкъуэзыгъэувэ IуэхуфI икIи лъэпкъ куэдым щыщхэр щызэдэпсэу къэралым исхэм я ехъулIэныгъэхэмкIэ, я хабзэ дахэхэмкIэ зэхъуэжэным и лъабжьэ.

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу республикэм щызэдопсэу

Рэмэдан мазэм и иужьрей махуэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Лашын» шхапIэ-хьэщIэщым хэщхьэж къыщызэригъэпэщащ. Гъатхэпэм и 20-м ар хуэзащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущапIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий икIи НэщIикIыж хьидымкIэ ехъуэхъуащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий сыхуэзэри республикэм ис муслъымэнхэм Рэмэдан мазэр зэриухамкIэ иджыри зэ сехъуэхъуащ, - щытепсэлъыхьыжащ а Iуэхугъуэм КIуэкIуэ Казбек «Макс»-м щиIэ и напэкIуэцIым. - Мамырыгъэ, фIыгъуэ, Иман быдэ, гупсэхугъуэ, узыншагъэ, гъащIэ кIыхь фиIэну, фщIэнрэ фшхынрэ вгъуэту фыпсэуну сынывохъуэхъу. Ислъам диным епха махуэшхуэхэм я зым ехьэлIа дауэдапщэхэр республикэм IэуэлъауэншэУ, къэхъукъащIэ мыхъумыщIэ къыхэмыхуэу щекIуэкIащ. Муфтийми зэIущIэм кърихьэлIа псоми фIыщIэ яхуэсщIащ динкIэ зэтемыхуэу ди республикэм щыпсэухэм я зэхуакум зэгурыIуэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъу зэрызэдэпсэум папщIэ».

«Лашын» шхапIэ-хьэщIэщым щекIуэкIа хэщхьэжри щыхьэту къэуващ республикэм ис муслъымэнхэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэрызэдэпсэумкIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Муслъымэн IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр, къалэ, щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр, республикэм и раис-Iимамхэр, дзэ Iуэху хэхам хэта ветеранхэр, гъэзэщIакIуэ органхэм щыщ къулыкъущIэхэр.

ЕкIуэлIапIэхэр зэпэщ ящI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек сымаджэщ къалэ цIыкIум и Iэгъуэблагъэм хиубыдэ, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым къегъэщIылIэжа гъуэгу инфраструктурэм и щытыкIэм зыщигъэгъуэзащ. Мы щIыпIэм гъуэгу ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм къыщыпащэну, уэрамхэр зэIузэпэщ щащIыну я мурадщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэмрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу ухуэныгъэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ абдеж щагъэзэщIэн хуей лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ.

Медицинэ технологие лъагэхэмкIэ республикэ центрым, Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм куэдым щеIэзэ республикэ сабий сымаджэщым, яухуэ Онкологие диспансерым ухуэзышэ Малая уэрамыр – метр 630-р - зыхуей хуагъэзэнущ. Апхуэдэу зэрагъэпэщыжынуш Налом и цIэр зезыхьэ уэрамыр – метр 950-рэ. А гъуэгур йокIуалIэ Жьэн узыфэхэр зэфыкIхэм щеIэзэ диспансерымрэ Сабийхэм я психикэ узыншагъэмкIэ центрымрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ уэрамитIри бгъуэзу зэрыщытыр, абы щыгъуэми сымаджэщ къалэ цIыкIум и щIыналъэм транспорт нэхъыбэу щызекIуэ хъуащ. Абы ипкъ иткIэ, дачэ къуажэм ухуэзышэ Полевая уэрамми асфальт тралъхьэнущ, абы къыщыщIэдзауэ километр 1,3-рэ зи кIыхьагъ гъуэгущIэ Налом и цIэр зезыхьэ уэрамым техьэжу яухуэну я мурадщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм нэгъуэщI лъэныкъуэкIи укъекIуалIэу щытынущ. ГъуэгущIэр сэбэпышхуэ хъунущ Налом, Щоджэным я цIэхэр зезыхьэ, Малая уэрамхэм, апхуэдэу Аруан лъэныкъуэмкIэ укъикIыу Налшык дыхьэпIэм щызэтрихьэ машинэхэр зэтегъэкIынымкIэ.

Къагъэлъэгъуа гъуэгу Iыхьэхэм къегъэщIылIа лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, иджырей уэздыгъэхэмкIэ къагъэнэхунущ. Гъуэгухэм ущызекIуэныр тыншу икIи шынагъуэншэу щытынущ. Мы зэманым ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я проектыр ягъэхьэзыр.

ЩIэблэм гулъытэ хуэщIынымкIэ яIэ зэфIэкIыр



Суздаль къалэм гъатхэпэм и 19-м щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Хабзэубзыхухэм я советым социальнэ IуэхухэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ еджакIуэхэм я узыншагъэр хъумэныр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм.

Лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и Хабзэубзыхухэм я советым социальнэ IуэхухэмрэдунейпсозэдэлэжьэныгъэмпыщIагугъуехьэхэмкIэ и комиссэхэм хэт Егоровэ Татьянэ, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат, УФ-м и щIыналъэхэм я хабзэубзыху IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щIадзэн ипэ, депутатхэр щыIащ Суздаль район сымаджэщым и поликлиникэмрэ курыт еджапIэмрэ. Абы депутатхэм Iэмал къаритащ еджакIуэхэм я гъащIэр нэхъыбэу зыпыщIа IуэхущIапIэхэм я щытыкIэр зрагъэлъэагъуну.

ЕджапIэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ зытегъэщIар

УФ-м и Хабзэубзыхухэм я советым и комиссэм и зэIущIэм щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр щызэдэгуэшащ школакIуэхэм гъащIэ узыншэр я тегъэщIапIэ щIыным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмкIэ.

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ еджакIуэхэм я гъащIэмрэ зэманымрэ щхьэпэу ирахьэкIыным ди республикэм зэрыщыкIэлъыплъым, цIыхубэм я узыншагъэр къэралым и зэIузэпэщыгъэм и лъабжьэ нэхъыщхьэу зэрыщытым. Абы жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр Iуэхугъуэ нэхъыщхьищым зэрытещIыхьар: щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэ тельыджэхэм, IуэхущIапIэхэм зэрызаужьым, иджырей технологиехэм. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщащ щIыналъэм и дуней щытыкIэр зэгъыу зэрыщытыр, бгыхэм я хьэуа къабзэр, мэкъумэшхэкIхэмкIэ зэрыкъулейр щIэблэм куэдкIэ къазэрыхуэщхьэпэр, апхуэдэуи псы хущхъуэ къыщIэжыпIэу блым хуэзэу сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ центрхэр, зыгъэпскIыпIэхэр зэрыщаухуар сэбэп зэрахуэхъур.

Республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэр жыджэру щрагъэфIакIуэ: еджапIэщIэхэр яухуэ, зэрагъэпэщыжхэр унэлъащIэкIи IэмэпсымэхэмкIи къызыхуэтыншэу къызэIуахыж, спорт пэшхэмрэ школ шхапIэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыным гулъытэ хэха хуащI. IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр зэрыщыту псырэ хуабэкIэ къызэгъэпэщащ, спорт пэшхэмрэ шхапIэхэмрэ я бжыгъэр адрей щIыналъэхэм ейм елъытауэ хуэдитIкIэ щынэхъыбэщ.

Егоровэр къытеувыIащ щIыпIэм къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэмкIэ школхэр къызэрызэрагъэпэщым и фIыгъэкIэ сабийхэр къэуат зыщIэлъхэмкIэ зэрагъашхэр. ПэщIэдзэ школым щеджэхэм къищынэмыщIауэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэм къыхагъэкI ахъшэкIэ тIэунейрэ ерыскъы пщтыр ягъуэт 5-11-нэ классхэм щеджэу бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зеиншэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэм.

Республикэм и IуэхущIапIэ тельыджэхэм ящыщщ Налшык и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм щыIэ уэздыгъэй мэзышхуэм жьэн уз зиIэ сабийхэм папщIэ щыIэ санаторэ-школыр. Абы щагъэзащIэ «Дадийщхьэху хужь» Iуэхур. Кавказ Ищхъэрэм щIэныгъэ гуэдзэн щрат и IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием махуэ къэс сабий минитхум нэс йокIуалIэ. Абы хэтщ сабий зэчиифIэхэм папщIэ жэщи махуи лажьэ лицейри.

Сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт IуэхущIапIэ 12-м, УнэтIыныгъэ куэдым хуэгъэпса иджырей республикэ сабий клиникэ центрымрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дэт бгы лъагэ Аллергологие центрымрэ яхэту. Илъэситхум къриубыдэу сабий медицинэ IуэхущIапIэу 10 зэрагъэпэщыжащ. ЗыгъэпсэхупIэхэр 21-рэ мэхъу, тIур сабийхэм ятещIыхьащ. Спорт-адаптивнэ школ, «Лэгъупыкъу», «Вагъуэ цIыкIу» сабий санаторэхэр республикэм щолажьэ. Абыхэм еджэнри узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнри зэгъусэу къыщызэгъэпэщащ, ЛФК-мрэ иппотерапиемрэ къыщагъэсэбэп. «Лэгъупыкъу» зыгъэпсэхупIэм иджы япэу щыIащ Луганск, Донецк цIыхубэ республикэхэм, Херсон щIыналъэм щыщ сабийхэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Ди къуэш республикэхэм

Гран-при къыхуагъэфащэ

АДЫГЕЙ. **Сочэ щекIуэкIащ жанр куэд къызэщIэзыубыдэ «Ритмы эстрады» дунейпсо зэпеуэ-фестиваль. Абы къыщыхэжаныкIащ республикэм щыщ уэрэджыIакIуэр.**

ШКОЛЕНКЭ Артём и солистщ Ерчэн Анастасие зи унафэщI «Дельфин» эстрадэ уэрэдымкIэ студием. Абы «Адэ» уэрэдыр игъэзэщIащ.

Жюрим уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэм и утыку итыкIэр игу ирихьащ икIи Гран-при саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ.

ЛIыхъужьу къалъхуркъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Хьэшыр Альберт къызэрыхигъэщащи, лIыхъужьу къалъхуркъым, апхуэдэ мэхъу. Абы къызэрилъытэмкIэ, хэкупсагъэр нобэ екIуу къыхощ къэралыр яхъумэну зэрыхуэхьэзырым.**

Хьэшырым зэрыжиIамкIэ, и Iыхьлыхэми благъэхэми яхэтщ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэу зауэ къалэнхэр ягъэзэщIэну пэрыхьахэр.

- ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм апхуэдэ IуэхукIэ зыхуэзыгъазэр цIыхухъу нэсхэщ икIи лIыхъужьхэщ. Апхуэдэу къалъхуркъым, Iуэхум пэрытущ абы щынэсыр. Ди зауэлIхэм мамырыгъэр яхъумэ. Фашизмэр зэтеткъутэнущ, - къыхигъэщащ Хьэшыр Альберт.

ЩIэупщIэ иIэщ

АБХЪАЗ. **Сыхъумрэ Ханты-Мансийскрэ зэпызыщIэ «РусЛайн» кхъухьлъатэхэр мэлыжьыхьым и 25-м зэтраублэжынущ, - къет Апсныпрессым. Ахэр лъэтэнущ тхьэмахуэ зэхуакум тIэу – блыщхьэмрэ щэбэтымрэ.**

- СЫХЪУМ икIыу Ханты-Мансийск кIуэ рейсхэр дэ япэу дгъэзэщIащ нэгъабэ и гъэмахуэм. А маршрутым щIэупщIэшхуэ иIэ хъуащи мы лъэхъэнэми нэхъ пасэу зэтыдоублэ – мэлыжьыхьым и кIэм. Ди фIэщ мэхъу ар Абхъазым щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ я дежкIэ сэбэп зэрыхъунур, туризмэм, нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIэ ди зэпыщIэныгъэхэм зэрызригъэужьынур, - жиIащ «РусЛайн» авиакомпанием пыщIа департаментым и унафэщI Петров Ростислав.



УЭРДОКЪУЭ Женя.

ТыншыпIэм хуэщIауэ

Зеикъуэ, Къубэ-Тэбэ, ПсыкIэху къуажэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIынущ мы гъэм, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ЗЕИКЪУЭ къуажэм лэжьыгъэшхуэ щызэхаублэнущ Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет жыг хадэ цIыкIум, ЩэнхабзэмкIэ унэр здэщытым хуэзэу. Къубэ-Тэбэ ахэр лъэIэсынущ «ХэщIапIэ нэхъыщхьэ» и хьэблэм и жыг хадэ цIыкIум.

Лэжьыгъэхэм хиубыдэу, щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжынущ а щIыпIэхэм щыIэ сабий джэгупIэхэр, цIыкIухэм я шынагъуэншагъэм егупсысу хьэфэм къыхэщIыкIа алэрыбгъухэр щаукъуэдиинущ, джэгукIэ зэхуэмыдэхэм хуэщIа комплексхэр, тетIысхьэпIэхэр, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр щагъэувынущ, уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасэнущ.

ПсыкIэху къуажэм Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрам нэхъыщхьэм тет, фэтэр куэду зэхэт унэхэм пэгъунэгъуу, цIыхухэм я тыншыпIэр къызэрагъэпэщу, жыг хадэ цIыкIу щагъэтIысынущ, лъэс лъагъуэхэр, сабий джэгупIэхэр хэтыжу. Абыи иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, жыгыщIэ цIыкIухэр куэду щыхасэнущ, теплъэ дахэ иратынущ.

БЭБЭЧ Болэ.

• Гу зылъытапхъэ

Террорым зэрыпэщIэт зыгъэсэныгъэхэр

Террорым пэщIэтыным хуэгъэзауэ 2026 гъэм къызэрагъэпэщыну яубзыхуа зыгъэсэныгъэхэм я планым, НАК-м и УнафэщIым Iэ зыщIидзам, ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым 2026 гъэм гъатхэпэм 24 - 25-хэм Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм щригъэкIуэкIынущ террорым пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ захуегъэзэ пIалъэкIэ щыIэну мардэхэм зрагъэувэнкIэ хъуну щытыкIэр зэхащIыкIыну икIи къагурыIуэну.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

• Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ •

ЩIэблэм гулъытэ хуэщIынымкIэ яIэ зэфIэкIыр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Апхуэдэуи республикэм ехъулIэныгъэкIэ щолажьэ бгы лъагэхэм щыIэ «Сокол» социально-реабилитацэ центрыр, сабий зэчиифIэхэм папщIэ «Антарес» щIыналъэ Iуэхущ1апIэр, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IэнатIэ 18. УнэтIыныгъэ куэдым хуэгъэпса республикэ сабий клиникэ центрым епхауэ 2025 гъэ лъандэрэ лажьэ госпитальнэ еджапIэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэр къэралым щынэхъыфIу къалъытащ. Лъэпкъ Iуэхухэм хыхьэу, щIалэгъуалэ центрхэр къызэрагъэпэщ, узыншагъэр хъумэным теухуа программэхэр ягъэзащIэ. Мурадхэм ящыщщ «Долинск» зыгъэпсэхупIэм щIалэгъуалэ лагерь къыщызэIуахыныр.

- Сабийхэм я узыншагъэр щынэхъыфI щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр мызэмытIэу яхэтащ. 2025 гъэм а Iуэхур ефIэкIуащ процент 59,5-кIэ (2017 гъэм нэхърэ проценти 6,4-кIэ нэхъыбэщ). Дызэрыт илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм «Узыншагъэм и картэ» и Iуэхур щагъэзащIэ щIыналъитхум, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым щIыналъэ куэдым я зэхуэдэ гугъуехьхэри къигъэлъэгъуащ: унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ сабий дохутырхэр, курыт щIэныгъэ зиIэ медицинэ IэщIагъэлIхэр къазэремэщIэкIыр, зи псэлъэкIэм ныкъусаныгъэ иIэ сабийхэр къэхутэнымрэ апхуэдэхэм ядэлэжьэнымрэ зи IэщIагъэхэр школхэм зэрыщымыIэр, узыфэ хэхахэм сабийхэр ирищахъумэн папщIэ халъхьэ мастэхэм къызэщIрагъэубыдэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, сабий лагерхэм зегъэубгъун зэрыхуейр.

- Мы гугъуехьхэр зэрызэфIэтхынум теухуауэ щIыналъэм гупсысэ пыухыкIахэр щыIэщ. Ауэ федеральнэ IэнатIэм гулъытэ зыхуищIыпхъэ Iуэхухэри яхэтщ абыхэм. Сабий псоми зэхуэдэу зегъэгъэпсэхуным хуэунэтIауэ «Сабий кэшбэк» программэр къэгъэщIэрэщIэжыным дыхэплъэну къыхыдолъхьэ, бынунагъуэшхуэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэм, зи хэхъуэр ику иту яIэн хуейм нэмыс унагъуэхэм нэхъ ятегъэщIауэ, - къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым.

Ди республикэр йодым зэрыхущыщIэм и Iуэхум Егоровэ Татьянэ къытеувыIащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къалъытэ лъхъумбыр (йод) щымащIэ щIыналъэу. Абы ехьэлIа республикэ законыр къащтами, сабийхэм я узыншагъэм дежкIэ шынагъуэ зыпылъ а Iуэхум купщIафIэу пэщIэтыфын папщIэ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэту елэжьын хуейщ, йодкIэ къулей шхыныгъуэхэр къыщIэгъэкIынымрэ къэгъэсэбэпынымрэ ягъэкIуатэу.

Егоровэ Татьянэ къызэрилъытэмкIэ, я мурадхэр къехъулIэн папщIэ гугъуехьхэм зэгъусэу елэжьын хуейщ. Абы къыхилъхьа жэрдэмхэр зэIущIэм хэтахэм даIыгъащ. Хабзэубзыхухэм я советым и комиссэм и зэIущIэр щиухым, УФ-м и Къэрал Думэм, ФедерацэмкIэ Советым, УФ-м и Правительствэм ягъэхьыну унафэхэр зэхалъхьащ.

ЗэIущIэм къыщызэщIакъуэжащ УФ-м и Хабзэубзыхухэм я советым Социальнэ IуэхухэмкIэ и комиссэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэри.

Парламент зэпыщIэныгъэхэм зезыгъэубгъущ

УФ-м и Хабзэубзыхухэм я советым Социальнэ IуэхухэмкIэ и комиссэм и хэгъэгу зэIущIэм хыхьэу екIуэкIащ щIыналъэ зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIа Iуэху. Абдеж Iэ щыщIадзащ дэфтэр нэхъыщхьитIым: КъБР-м и Парламентым зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылIащ Урысейм и щIыналъитIым - Владимирскэ, Ивановскэ областхэм - я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм.

ЗэгурыIуэныгъэхэр я IэщIэдзхэмкIэ зэрагъэубыдащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Владимирскэ щIыналъэм и Хабзэубзыху Зэхуэсым и УнафэщI Хохловэ Ольгэ, Ивановскэ областым и Думэм и УнафэщI Дмитриевэ Маринэ сымэ.

Хабзэубзыхухэм къызэрыхагъэщамкIэ, зэгурыIуэныгъэхэм я мурад нэхъыщхьэр парламент зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнырщ, зэрызэдэлэжьэну унафэхэм зегъэубгъунырщ.

- ЩIыналъэ зэдэлэжьэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэунэтIа къалэнхэр зэгъэхъулIэнымкIэ. Нобэрей зэман мытыншым ди зэпыщIэныгъэхэр едгъэфIэкIуэныр Iэмалыншэу жыпIэ хъунущ. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым апхуэдэ къалэнщ ди къэралым и Президент Путин Владимир къытхуигъэувар. Нобэ Iэ зыщIэддза зэгурыIуэныгъэхэр а лэжьыгъэм и хэлъхьэныгъэщ, - жиIащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэхэм нэхъыбэу яфIэгъэщIэгъуэнщ республикэм мэкъумэшым, сатум, промышленностым щиIэ зэфIэкIхэр къапщытэныр. Абы щхьэхуэу къыхигъэщащ туризм IэнатIэр - Урысейм и «Золотое кольцо»-мрэ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэмрэ ди къэралым и туризмэм и нэщэнэу, ар къызэрацIыхуу зэрыщытыр.

Депутатхэм шэч къытрахьэркъым я зэгурыIуэныгъэм я зэфIэкIхэмкIэ зэрызэригъэхъуэжэным къыщымынэу, хабзэубзыху жэрдэмхэри зэгъусэу къыхалъхьэнымкIэ Iэмал къазэрыритынум.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Дзэ зэкъуэшыныгъэр ди лъапIэныгъэщ

«Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ иджырей зэманым къыщызэгъэпэщынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр» Iуэхум теухуа «стIол хъурей» иджыблагъэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтым. Ар къыхилъхьащ икIи иригъэкIуэкIащ «Россия правовая» студент щIэныгъэ гупжьейм, УФ-м и Президентым 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам ипкъ иткIэ.

Абы хэтащ юрист хъунухэр, республикэм и щIэныгъэлI пажэхэр, властым и лIыкIуэхэр.

КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат «стIол хъурейм» хэтхэм фIэхъус щарихым къыхигъэщащ Урысейм и къарур зыхэлъыр абы и лъэпкъыбэр зэрыарар, студентхэм апхуэдэ Iуэху щхьэпэхэр къызэраIэтыр, ягъэхьэзыра докладхэм и гуапэу зэредэIуэнур жиIащ.

«Россия правовая» гупжьейм и унафэщI, ПравэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ институтым Конституцэ, административнэ хуитыныгъэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Багъэтыр Алим къыхигъэщхьэхукIащ зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр хабзэм и лъэныкъуэ пыухыкIахэм студентхэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, къыхуеджэныгъэхэм щIэдэIу къудей мыхъуу.

ХьэщIэхэм ящыщу «стIол хъурейм» къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Тату Казбек. Абы и къэпсэлъэныгъэр тригъэщIащ геополитикэм. Татум къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2026 гъэр Зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувар зэрымыщIэкIэ къызэрымыхъуар. Ар къэралщIыб къарухэм Урысейм щыщыIэ щытыкIэр зэIагъэхьэну зэрыхэтым и жэуапщ, Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхугъуэхэр, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр, зэпэщIэувэныгъэ мышыухэр къагъэсэбэпу.

«Лъэпкъ политикэм иджырей лъэхъэнэм и къалэн нэхъыщхьэр граждан зэкъуэтыныгъэр къызэгъэпэщынырщ. Лъэпкъ зэхущытыкIэр ди къэралым щызэпIэзэрытщ. Зэкъуэтыныгъэм и щапхъэу тхыдэм къыхэщыжхэм япкъ иткIэ, нобэрей жылагъуэр зэуIуу, зылI и быну зэрыIыгъын хуейщ. Къапщтэмэ, абы и щапхъэ нэс нобэ щыдолъагъу Урысейм щыпсэу лъэпкъ псоми я лIыкIуэхэр зыхэт дзэ Iуэху хэхам, зауэ губгъуэм. Дзэ зэкъуэшыныгъэр ди лъапIэныгъэшхуэщ, ар тхъумэныр, дгъэбыдэныр ди зэхуэдэ къалэн инщ», - жиIащ Тату Казбек.

«СтIол хъурейм» и зы Iыхьэр теухуат студент къэхутэныгъэхэр къэпщытэным. «Россия правовая» гупжьейм хэтхэм докладхэр утыку кърахьащ, мамырыгъэмрэ зэгу-рыIуэныгъэмрэ нэхъри гъэбыдэнымкIэ щыIэ юридическэ Iэмэпсымэхэр ягъэнэIуащ.

Студентхэм я къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдащ:

АбытIэ Андемыр зэпкърихащ «лъэпкъ зэхэщIыкI» гурыIуэныгъэр. Бочаровэ Алинэрэ Шыгъушэ ФатIимэрэ «хъыбарегъащIэ зауэхэм» зэрапэщIэт Iэмалхэр сэтей къащIащ. Гъубжокъуэ Олег, Малкандуевэ Салимэ, Мэрзей Инарэ сымэ дунейпсо конвенцэхэмрэ щIыдэлъху лъэпкъхэм я статусыр къэлъытэнымкIэ бжыгъэхэм ягъэзащIэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ. Къарэмырзэ Марат лъэпкъ куэд щызэхэс къэралым и щэнхабзэ, дин автономием и гъунапкъэхэр къигъэлъэгъуащ. Мырзэкъан Алинэ къиIэтащ лъэпкъхэм мылъкум емыпха я лъапIэныгъэхэр.

Студентхэм я лэжьыгъэм хэплъащ хьэщIэхэм я мызакъуэу, институтым и егъэджакIуэ гупри. Граждан хабзэмрэ IуэхумкIэ кафедрэм и унафэщI Зумакуловэ Заремэ, доцент Тэн Тимур, егъэджакIуэ нэхъыжьхэу Мэрзей Азэмэтрэ КIарэ ФатIимэрэ я упщIэхэмрэ гу зылъатахэмрэ студентхэм сэбэп яхуэхъуащ щIэныгъэ, практикэ я лъэныкъуэкIэ нэхъыбэ къащIэнымкIэ.

IЭРЫС Iэсият.

Дунейм дощIэращIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр къэкIыгъэ щхъуантIэхэмкIэ зэщIагъэдэхэн щIадзащ гъатхэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ. ЖыпIэнурамэ, лъабжьэхэр зыщIа, япэ илъэсым щIым нэхъыфIу хиубыдэну жыгхэмрэ чыцэхэмрэ, псори зэхэту 4000-м нэблагъэ, Налшык и уэрамхэм мэлыжьыхьыр икIыху щыхасэнущ. Лэжьыгъэхэр хьэблэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIынущ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым бзиихуу 33-рэ, Пушкиным и цIэр зезыхьэм кIейуэ 30, КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэм (ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщыщIэдзауэ Матросовым и цIэр зезыхьэм нэсыху) бзиихуу 80 щыхасэнущ.

Къэбэрдей уэрамым (Идарым и цIэр зезыхьэм къыщыщIэдзауэ Осетинскэм нэсыху) кIейуэ 245-рэ, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым - кIейрэ шыкIуртIыму 117-рэ щагъэтIысынущ. Абыхэм нэмыщI, Нэгумэм, Щорсым, Толстойм я цIэхэр зезыхьэхэм щыхасэнущ (зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу) кIейуэ 70, 80, 28-рэ. Жыгхэр псори зэхэту 689-рэ мэхъу.

Чыцэхэм я гугъу тщIымэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым дыгъужьгъалIэу 300, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэм (Головком и цIэр зезыхьэм нэсыху) - 2000 щыхасэнущ. Къэбэрдей уэрамым Япониэм къыщагъэкI чыцэу 670-рэ щагъэтIысынущ.

Къалэ администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ къалэдэсхэм я псэукIэмрэ экологие щытыкIэмрэ егъэфIэкIуэным.

МЫСОСТ Былэ.

Зыхуагъэувыжа пIалъэхэм тету

Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щызэхэта зэIущIэм щыхэплъэжащ 2025 гъэм IэнатIэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ дызэрыт илъэсым къыпэщылъ къалэнхэмрэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м и Парламентым ухуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и тхьэмадэ Къумал Заурбэч, КъБР-м и профсоюзхэм ухуэныгъэмрэ промышленнэ ухуэныгъэ материалхэмкIэ и комитетым и унафэщI Къущхьэ Руслан сымэ, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым, щIыпIэ самоуправленэмкIэ Советхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министр къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлев Андрей зэIущIэм къыщызэщIикъуэжащ и унафэ щIэт IэнатIэм нэгъабэ хузэфIэкIамрэ мы гъэм зэлэжьыну къапэщылъхэмрэ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм ухуэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 642,5-рэ нэгъабэ яIэтащ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5,2-кIэ ар нэхъыбэщ.

Фэтэр куэду зэхэт унэу 72-рэ ящIащ, псори зэгъусэу фэтэр 3545-рэ хъууэ. Абыхэм яубыдащ метр зэбгъузэнатIэу мин 222,5-рэ.

Ухуэныгъэ хуэIухуэщIэхэм хуэунэтIауэ нэгъабэ лэжьыгъэу ирагъэкIуэкIащ сом мелард 45,8-рэ и уасэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 102,0-кIэ хуэкIуэу.

2025 гъэм курыт еджапIэщIэу 6 Налшык, Нарткъалэ, Тэрч къалэхэмрэ Прималкинскэ къуажэмрэ щатащ, псоми зэхэту тIысыпIэу 4000 яIэу. Абыхэм нэмыщI, ди къалащхьэм къыщызэIуахащ зы лэжьэгъуэ зэманым цIыху 500 хуэдизым зэуэ щеIэзэфын поликлиникэ, Кэнжэ къуажэм амбулаторэщIэ щаухуащ, Псынэдахэ и курыт еджапIэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

Республикэм и цIыху щхьэхуэхэр псэупIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм сом мелуан 59,0-рэ нэгъабэ хухахащ, псэупIэхэр къэщэхуным хуэгъэпса къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм хуэдэхэр цIыху 66-м иратащ.

Ущыпсэуну шынагъуэ, кхъахэ хъуа псэупIэу 130-м, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 5 хъум, цIыху 289-рэ къыщIагъэкIащ 2025 гъэм.

Республикэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 40-рэ зы унэ бжэIупэрэ зэIузэпщ ящIащ къапщытэж пIалъэм къриубыдэу.

2025 гъэм Шэджэм къалэм щагъэзэщIащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа пэхуэщIэ нэхъыфIхэр къыщыхаха 9-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа проектыр.

Фэтэр куэду зэхэт унэу 68-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ илъэс кIуам. Псы къабзэ зэрыкIуэ, зэрызэбгратыкI бжьамийуэ, псори зэхэту километр 83,7-рэ я кIыхьагъыу, щIыпIэ 15-м къыщагъэщIэрэщIэжащ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу коммунальнэ комплексым и IуэхущIапIэхэм Iуэхутхьэбзэу ящIащ сом мелард 27,7-рэ и уасэ.

Архитектурэм, къалэ ухуэныгъэм, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм щыхъумэным ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэри ирагъэкIуэкIащ.

Дызыхыхьа илъэсым министерствэм къыпэщылъ къалэнхэм щытепсэлъыхьым, Журавлев Андрей жиIащ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 579-рэ зэрахуэнур, унагъуэ щхьэхуэу 71-рэ псэупIэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщынур, республикэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 35-рэ зэIузэпщ зэращIынур, псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа пэхуэщIэу, урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуауэ 3 зэрагъэзэщIэнур, шынагъуэ къызыбгъэдэкI, жьы хъуа унэу, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 420-м щыпсэу цIыху 39-р абыхэм къызэрыщIагъэкIынур, псы къабзэ зэрыкIуэ, зэбгрызытыкI бжьамийхэр щIыпIэ 12-м зэрыщызэрахъуэкIынур, псэупIэу 163-рэ къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжынур, 2026 гъэм ятыну зытраухуа ухуэныгъэхэр зыхуагъэувыжа пIалъэхэм темыкIыу зэрызэфIагъэкIынур, нэгъуэщIхэри.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ДыкIэлъоплъ, дохъумэ

ЩIыуэпсым и зыхъуэжыкIэр, хьэуам и зыгъэхъеикIэр, псыхэм я ежэхыкIэ-зыгъэзэкIэр, зэрыщыту къатщтэмэ, жьыуэпсыр (климатыр) зыджхэмрэ абы кIэлъыплъхэмрэ илъэс къэс гулъытэ щхьэхуэ яхуэщIы-ным теухуауэ къыхалъхьа, «Гидрометеорологие къулыкъум и махуэ» зыфIащар Урысей Федерацэм щыIэтынымкIэ унафэр дунейм къыщытехьар 2008 гъэм накъыгъэм и 19-р арами, ар ягъэлъапIэ гъатхэпэм и 23-м.

«КЛИМАТ» зыфIаща щIэныгъэ гуэдзэм зэхигъэкIыр жьыуэпсым щIыпIэ хэха гуэрым зэрызыщихъуэжырщ. «Климатологием» и гугъу тщIымэ, метеорологием и пщалъэхэм зэрызыщызэблахъур (илъэс бжыгъэм хуэгъэпсауэ) къэзыгъэлъагъуэ унэтIыныгъэщ.

XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм Урысейм и пащтыхь Николай Езанэм 1834 гъэм и мэлыжьыхьым къыдигъэкIа и унафэмкIэ, Санкт-Петербург къалэм къыщызэIуахауэ щытащ «Мардэм тет малъхъэдис-метеорологие лъэщапIэ» («Нормальная магнитно-метеорологическая обсерватория») зыфIащар. Абдежым къыщыщIэдзауэ, къэралым щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ, жыпхъэ хэгъэунэхукIам тегъэбыдыхьауэ, метеорологие кIэлъыплъыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыу щаублащ. Илъэс бжыгъэфIи дэкIауэ, XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм хуэзэу, мы Iуэхум къэралышхуэм апхуэдизу зыщиужьати, жьыуэпсым и щытыкIэм щакIэлъыплъ лъэщапIэхэм я бжыгъэр 1400-м щынэсат.

АтIэми, 1917 гъэм къэунэхуа Октябрь революцэмрэ абы къыкIэлъыкIуа граждан зауэ гугъусыгъужьымрэ я зэранкIэ, абыхэм ящыщу Урысейм щыхыфIамыдзэжу къинэжауэ щытар егъэлеяуэ мащIэт.

Граждан зауэр нэхъ кIащхъэ щыхъуа 1921 гъэм и мэкъуауэгъуэм ди къэралым мы Iуэхум щыхэплъэжащ: РСФСР-м и цIыхубэ комиссархэм я Советым унафэ ищIащ Хэкум метеорологие кIэлъыплъыныгъэхэм щыпащэжын зэрыхуейм хуэгъэзауэ. А гъэм иужь ита илъэсхэм СССР-м хыхьэ республикэхэм, крайхэм, областхэм метеорологие лъэщапIэхэр къыщыунэхужын щыщIадзат. Ауэрэ, 1929 гъэм шыщхьэуIум и 7-м ЦIыхубэ комиссархэм я советымрэ ГъэзэщIакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хэтхэмрэ унафэ къызэдащтащ СССР-м гидрометеорологиемкIэ IэнатIэ щхьэхуэ къыщызэгъэпэщыжын зэрыхуейм хуэгъэзауэ.

УФ-м ГидрометеорологиемкIэ и къулыкъу нэхъыщхьэм мы лъэхъэнэм къегъэщIылIащ федеральнэ щIыналъэхэм езым щиIэ и къудамэхэр, щIыуэпсым къыщекIуэкIхэм кIэлъыплъынымкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту 17-р, Iуэхум тещIыхьа къэрал-бюджет IуэхущIапIэу 25-р, кхъухьлъатэхэм уафэм шынагъуэншэу къыщегъэлъэтыхьыным телажьэр, бжыгъэхэм хуэгъэпса технологиемкIэ IэнатIэ нэхъыщхьэр, метеорологиемкIэ центрыр, пшэхэр зэбгрыхунымкIэ дзэ къулыкъур, нэгъуэщIхэри.

«Гидрометеорологие къулыкъум и махуэ» жыхуаIэм дэтхэнэ зы илъэсми езым и псалъэгъэнахуэ иIэжщ. Мы гъэм абы къыхуагупсысар «Нобэ дыкIэлъоплъ, пщэдей дохъумэ» фIэщыгъэрщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Iуэхутхьэбзэхэмрэ уасэхэмрэ

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм, зэкIэ къызэрабжамкIэ, пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу сом мелард 80 и уасэ хуалэжьащ е абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 109,2-кIэ нэхъыбэщ ар. Абы щыщу унагъуэхэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм сом мелард 13,6-рэ къапэкIуащ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 22-кIэ ари нэхъыбэщ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу псори зэхэту пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм щалэжьам и нэхъыбэр къызыбгъэдэкIар хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэхэрщ - процент 70,9-рэ, адрейхэм - процент 29,1-рэ.

КъБР-м и цIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэр зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, псэупIэ-коммунальнэм - процент 26,5-рэ, унагъуэхэм хуалэжьахэм - процент 17,1-рэ, транспортым - процент 15,8-рэ, телекоммуникацэм - процент 11,7-рэ къалъос.

2025 гъэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ хуащIэхэм щыщу хэхъуэ нэхъыбэ къэзыгъэлъэгъуар ветеринарием пыщIахэрщ - процент 36,6-рэ, унагъуэхэм хуалэжьахэм - процент 22,0-рэ, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэм - процент 16,6-рэ, коммунальнэхэм - процент 15,6-рэ, юрист - процент 14,3-рэ Iуэхутхьэбзэхэрщ.

Апхуэдэу щыхъукIи, республикэм псори зэхэту пщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу щызэрахьам и процент 17,1-р унагъуэхэм хуалэжьахэм къалъос. Ар езыр зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, псэупIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абыхэм зыгуэрхэр къыпыщIыхьыным, пщIантIэм щыухуэным, н.къ. - процент 55,7-р яубыд, унагъуэхэм къыщагъэсэбэп техникэ зэхуэмыдэхэр - транспортхэр, оборудовэнэхэр, н.къ. - процент 12,6-р, щхьэр щIэщэнымрэ зыгъэдэхэнымрэ 1 процент 12,4-р.

Апхуэдэуи, Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и шхапIэу хъуам, рестораным кафехэри хэту, я лэжьыгъэм сом мелард 20,8-рэ къыпэкIуащ. 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 119,1-кIэ нэхъыбэщ ар.

Абы нэмыщI, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм розницэ сатууэ щалэжьам сом мелард 376-рэ къыпэкIуащ е абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм процентi 108,3-кIэ хуэкIуэу. Хэхъуэм и процент 52,3-р сату щIыпIэхэм, унеи IуэхущIапIэхэм яубыд, жармыкIэхэмрэ бэзэрхэмрэ - процент 47,7-р ейщ.

Нэгъабэ ирагъэкIуэкIа розницэ сатум и процент 49,8-р ерыскъыхэкIым еубыд (псыIэфIхэр, нэрзаныпсхэр, псы къабзэ ирагъэхъуахэр, тутынхэр хэту), ерыскъыхэкIыу щымыт продукцэхэм - процент 50,2-р.

2025 гъэм республикэм и цIыхухэм иращащ ерыскъыхэкIрэ тутыну сом меларди 187,2-рэ и уасэ икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэм нэхърэ процентi 7,3-кIэ нэхъыбэщ. ЕрыскъыхэкIыу щымыт продукцэу ящам и куэдагъым процентi 9,2-кIэ хэхъуащ е сом меларди 188,8-рэ и уасэ, а пIалъэм къриубыдэу.

БЭБЭЧ Башир.

Дунейм щыхъыбархэр

Хамэ къэралхэм йофIэкI

УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу, Хы IуэхухэмкIэ коллегием и унафэщI Патрушев Николай зэзыгъакIуэр зэрымыс флотым дуней псом щиIэ зыужьыныгъэхэм я гугъу щищIым къыхигъэщащ урысей дзэ щIэныгъэр хамэ къэрал къэхутэныгъэхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр икIи а IуэхумкIэ пэрыту зэрыщытыр.

«Урысейм автономнэу, экипаж имысу, пэIухауэ псы щIагъым щызэрагъакIуэ аппаратхэр куэд щIауэ къыщагъэсэбэп, щIэныгъэ институтхэмрэ конструктор бюрохэмрэ апхуэдэ техникэхэм я иджырей лIэужьыгъуэщIэхэр ящI, - щыжиIащ абы «Коммерсант» газетым ирита интервьюм.

Патрушевым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, мы зэманым хым къыщагъэсэбэпыну дронхэр щащIкIэ фIагъышхуэ иIэу зэпкърызылъхьэфыну IуэхущIапIэхэр къэгъуэтыным теухуауэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Гулъытэ нэхъ хуащI хамэ къэрал аппаратхэм къакIэрымыхуу апхуэдэ Iэмэпсымэхэр зэпкърызылъхьэ уней компание цIыкIухэм.

ЖьэрыIуатэу ятынущ

Егъуанэ классыр къэзыуххэм я къэрал экзамен нэхъыщхьэхэм (ОГЭ) ипэ къихуэу тхыдэмкIэ жьэрыIуатэу экзамен ирагъэтынущ. УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей зэрыжиIамкIэ, а хабзэщIэр 2027 - 2028 гъэ еджэгъуэм къыхалъхьэну я мурадщ.

«11-нэ классыр къэзыуххэм тхыдэ сочиненэ ятх. Иджы 9-нэ классым щеджэхэми а предметымкIэ яIэ щIэныгъэр къапщытэну жьэрыIуатэ экзаменыр къыхыдогъэхьэ. А Iуэхум етIанэгъэ дызэрыхыхьэным тещIыхьауэ, егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми жьэрыIуатэу тхыдэмкIэ экзаменым зэрызыхуагъэхьэзырыным теухуа жыпхъэр дгъэхьэзыращ», - жиIащ министрым.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, тхыдэмкIэ жьэрыIуатэ экзаменым пэлъэщхэрщ ОГЭ-р зытыну хуит ящIынур.

Гъатхэпэм и 24, *гъубж*

♦**Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1948 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шенкао Мухьэмэд**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакIуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хъыдзэдж Борис**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ адыгэ IуэрыIуатэдж, этнолог, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта **ЦIыпIынэ Аслъэн**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 5 - 9 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Гъатхэпэм и 25, *бэрэжьей*

♦**ЦIыхур гъэпщылIынымрэ щхьэхуимытхэмкIэ сату щIынымрэ я лей зытехьахэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ООН-м и лэжьакIуэхэу гъэру яIыгъхэм, хъыбарыншэу кIуэдахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Спорт киином и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

♦*Гъатхэпэм и 20-м* республикэм къыщалъхуащ сабий 30: хъыджэбзхэри щIалэхэри зэхуэдэщ.

♦*Гъатхэпэм и 21-м* - сабий 18: 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

♦*Гъатхэпэм и 22-м* - сабий 26-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

♦*Гъатхэпэм и 23-м* - сабий 12: 6-р хъыджэбз цIыкIущ, 6-р щIалэщ.

♦Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 611-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2099-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уэгум щызеуэ бгъэшхуэр зы джэдыкIэщ.

Зи IэщIагъэм хуэпэж цIыху псэ къабзэ

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хъыдзэдж Борис и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и фэ зраплъ цIыху гуащIафIэхэм ящыщ зыщ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, зи роль купщIафIэхэмкIэ гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм я гум дыхьэ Хъыдзэдж Борис. Ар нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрыхъур егъэлъапIэри, дохъуэхъу узыншагъэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ щымыщIэну, иджыри ролыфI куэд утыку кърихьэну, и щхьэгъусэ Iэсятрэ езымрэ зэкъуэту илъэс куэдкIэ зэдэпсэуну. Ар игъащIэ лъандэрэ зытелажьэр цIыхухэм гукъыдэж яритынырщ, фIым, дахагъэм къыхуриджэнырщи, а псоми нэгъуэщI зыхуей Iэджэми щымыщIэну ди гуапэщ!

АРТИСТ IэщIагъэм зэрыныбжьыщIэрэ дихьэхырт Хъыдзэджыр, Iуэхур къыщежьари, ар еханэ классым щIэсу, Мысостышхуэ Пщызэбий зыхэт спектакль гуэр Борис зыщыщ Урожайнэ (Абей) къуажэм яшауэ щеплъарат. ЩIалэ цIыкIур занщIэу зэщIиубыдат илъэгъуам. Тегушхуэри, Пщызэбий нэIуасэ зыхуищIащ икIи зэхуэтхэн щIадзэри, ныбжьэгъуфI зэхуэхъуащ.

И IэщIагъэр езым къыхихауэ пIэрэ Хъыдзэджым? «Артист дунейм и Iупхъуэ къуагъым сыщыкъуэплъэм, а дунейм и хъым сихуащ, - жеIэ езы артистым. - Зэрыхъуар мыращ. Еянэ классым сыщIэсу, урысыбзэмкIэ дезыгъаджэ Гуэбэшы Амурбэч «Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэр уиIэу къызжаIащи, къысхуэпхьыфын?», жиIэри къызэупщIащ. ТекIуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлIэу игъэувыну арат. Сэ жесIащ Акъсырэм и тхылъым зауэм теухуауэ «Дыгъэр къыщыкъуэкIым» зыфIища пьесэ зэритыр. Абы еджэри, игъэувын щIидзащ. 10-нэ классым щеджэхэмрэ ди классым щIэс Беслъэней Татьянэрэ сэрэт щыджэгунухэр. Роль нэхъыщхьэр - урыс офицер тIасхъэщIэхым и ролыр - зрита щIалэр къэмыкIуэурэ сэ къызитыжащ ар Амурбэч, езым нэмыцэ офицерым и ролыр къищтащ. Спектаклыр дгъэуври, афишэхэр едгъэщIауэ, билетхэр ящэу районым къыщетшэкIат, Iуэхур фIы дыдэу къыдэхъулIауэ. Гуэбэшыр илъэситIкIэ си япэ иту ГИТИС-м и режиссёр къудамэм щIэтIысхьауэ щытащ», - игу къегъэкIыж Борис.

Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм театрым и дуней телъыджэм кууэ щыхашахэм ящыщщ Борис. «Ар си дежкIэ еджапIэшхуэт. Таурыхъым дыхэтым хуэдэт дыщеджа зэманыр», - жеIэ Борис.

Куэд иIыгъщ цIыхур къызэрыпIыщIэм. Хъыдзэджыр зыхэта адыгэ студиер Москва къыщикIыжам Ефэнды Джылахъстэн къригъэблэгъэжауэ щытащ, ди республикэм и къэрал филармонием и симфоние оркестрыр щIыгъуу. Ар щIэдзэкIэ дахэт, Iуэхум тезыгъэгушхуэт, цIыхубэр абыхэм зэрахуэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэт. «Апхуэдэ дыдэу артистыр Iей хъунуми фIы хъунуми еджапIэ нэужьым зыхэхуэ гупым куэд елъытащ. Артист нэхъыжьыфIхэм щапхъэ къатепхыныр гъуэзэджэщ, уадэплъеиныр фIы дыдэщ, ауэ нэхъыбэ зэлъытар режиссёрыр зэрыарар хьэкъщи, дызыдэлэжьа IэщIагъэлI нэсхэм я цIэ къисIуэну сыхуейт. Апхуэдэу зэфIэкIышхуэ зиIэ режиссёр бэлыхьт Теувэж СултIан. Теувэжыр Урыс драмэ театрым ирагъэблагъэу дэ къытхуагъэкIуауэ щыта Ерчэн Леониди роль хъарзынэхэр дэсщIащ. Я лэжьэкIэкIэ, пьесэм зэрыбгъэдыхьэкIэ Ерчэнымрэ Теувэжымрэ зэщхьэщыкIыми (апхуэдэу къыщIэкIынщ зэрыщытын хуейри, цIыху къэсыху езым и хъэтI иIэжыпхъэщ), тIури режиссёр бэлыхьт. Апхуэдэуи сэ садэлэжьащ режиссёрхэу Джэху Рэмэзан, Мысостышхуэ Пщызэбий, артисту си гъусэу еджэу иужькIэ режиссёр IэщIагъэр зэзыгъэгъуэтыжахэу Шэрджэс Мухьэмэдрэ Фырэ Русланрэ, илъэс 12-кIэ театрым актёру щылажьэу, итIанэ режиссёру еджэжа Дэбагъуэ Роман, нэгъуэщIхэми».

Театрым щагъэувахэм ящыщу Борис гукъинэж щыхъуа спектаклхэр куэд мэхъу. Псалъэм папщIэ, къыщыкIуэжагъащIэхэм СулътIан игъэува «ЩIыщIэ къэIэтар», IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр». ИгъэзэщIа ролхэми яхэтщ адрейхэм къахигъэщхьэхукIхэр, игъафIэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щигъэзэщIа Креон и ролыр. «А ролыр зыхуей хуэзэнымкIэ сэ хуабжьу лэжьыгъэшхуэ къыздищIащ ар зыгъэува, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Теувэж СулътIан, «Ахэр псори си къуэ пэлъытэт» спектаклым Дэбагъуэ Роман къызэрыщызэлIэлIам ещхьыркъабзэу», - жеIэ Борис. Апхуэдэ дыдэу Борис и гум къинэжащ Буштец (Дударев Алексей и «Сэлэтхэр»), Едмон (Саган Франсуазэ и «Удзым хэт пианинэ»), ефэндым (Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр»), Адэм (Неш Ричард и «Уэшх зыщэ») я образхэр, нэгъуэщIхэри.

Театр лэжьыгъэм нэмыщI художественнэ тхыгъэхэр зэдзэкIыным, абыхэм къеджэным дехьэх Борис. «Бжьамий» ансамблыр къызэзыгъэпэщыгъа Бекъул Леонид иригъэблагъэри, абы илъэсибгъукIэ щылэжьащ, концертхэр иригъэкIуэкIыу, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къеджэу. Борис дахьэх адыгэ уэрэдыжьхэм, нарт хъыбархэм, адыгэ таурыхъхэм, жыпIэнуракъэ, лъэпкъым и мэ зыщыуа псоми.

Ягъэгушхуэу, ягъэгуфIэу Борис иIэщ къыдалъхуахэр, сыт хуэдэ Iуэхури къыдиIыгъыу къыбгъэдэт и щхьэгъусэр, и ныбжьэгъу пэжхэр. Артист нэхъыжьхэм хуэдэу, иджырей актёрхэри фIыуэ ялъагъуныр, театрым спектакль гъэщIэгъуэнхэр, дерс къызыхахынхэр щагъэувыныр, ди цIыхухэм театрыр я кIуапIэу щытыныр, режиссёр бэлыхьхэр яIэныр и хъуэпсапIэщ Хъыдзэджым. Ди щэнхабзэм игъуэт пщIэр нэхъ лъагэ хъунми щIохъуэпс ар.

Си тхыгъэр къризэщIэскъуэж щIыкIэу Хъыдзэдж Борис хужаIахэм ящыщ пычыгъуэ гуэрхэм фыщызгъэгъуэзэнут.

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ, *УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ:* - ЗэрысцIыхурэ фIы дыдэу слъагъуу, пщIэшхуи хуэсщIу, гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми псом япэ ищу апхуэдэ щIалэщ Борис. И щхьэгъусэ Iэсяти езыри адыгэм ипIауэ хабзэ, нэмыс, зыхэлъ цIыхухэщ.

Игури и псэри хэлъу и IэщIагъэм пэрытщ Хъыдзэджыр. Сыт хуэдэ роль къратами, ар нэгъэсауэ зэрищIыным пылъщ икIи къохъулIэ.

Лэжьыгъэшхуэ радиоми щещIэ. Сэри Бориси сом дыхуейкъым радиом щедгъэтх тхыгъэхэм папщIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм къахуэнэну хъугъуэфIыгъуэу, къулеягъэшхуэу ар зэрыщытыр къыдгуроIуэри.

Хъуэхъуу къыхужаIэри псэуху къыхужаIэнури зылъысыным ящыщ Борис хъуну си гуапэщ.

ЩЭРМЭТ Людмилэ, *КъБР-м и цIыхубэ артисткэ:* - Нэхъ цIыху зэпIэзэрыт щыIэкъым жыхуаIэм хуэдэщ Борис. Роль гъуэзэджэ куэд къызэрехъулIар зи фIыгъэу къэслъытэр бгъэдэлъ зэчийм и закъуэкъым, атIэ абы щIыгъущ и щабагъэмрэ и гъэсэныгъэмрэ. Борис, узыншагъэ быдэ уиIэу, театр утыкур бгъэбжьыфIэу куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!

ДЭБАГЪУЭ Роман, *Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:* - Нэхъ цIыхуфI, нэхъ цIыху тэмэм, нэхъ цIыху пэж сыхуэзакъым. СыткIи уи дзыхь ебгъэз хъунущ, гуауэми гуфIэгъуэми къэбгъуэтынущ Борэ.

Дэтхэнэ зыри гъащIэм гъэунэхупIэ гуэрым щыIуоуэ, цIыхур къыщицIыхун щытыкIэ йоувэ. Сэ зы театрым сыщылэжьауэ адрейм сыщыкIуам щыгъуэ, «дауэ ухъурэ, укъызыхыхьа гупыр дауэ къыпIущIа, уахэзэгъа, сыткIэ сэбэп сыхъуну?» - жиIэу си бжэр ныIузыхар Хъыдзэджращ.

Театр лэжьыгъэм утепсэлъыхьмэ, абы къыхуигъэщIа цIыхущ, и IэпкълъэпкъымкIэ и налъэ дэтхэнэми ар хэмыту си фIэщ хъуркъым. Сэ сыкъапщтэмэ, театрыр апхуэдизу фIыуэ слъагъуу схужыIэнукъым, Борэ ар и псэм щыщ Iыхьэу зэрыщытым хуэдэу.

Згъэува спектакль зыбжанэми хэтащ Хъыдзэдж Борис. Иужьрейуэ ар щыджэгуащ, роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIащ Миллер Артур и тхыгъэм къытетщIыкIа «Ахэр псори си къуэ пэлъытэт» спектаклым, дунейпсо драматургием щынэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу ябжым. Образыр фIы дыдэу къигъэлъэгъуауэ сэ къызолъытэ, апхуэдэу зыбжу абы и гугъу зыщIахэри мащIэкъым.

ХЬЭЩЭ Къанщобий, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* - Хъыдзэдж Борэ ролышхуэ куэд игъэзэщIакъым, ауэ къыхуагъэфащэу режиссёрхэм кърата зыгуэри Iэпэдэгъэлэлу утыку къирихьакъым. Абы игъэзэщIа ролхэр цIыхубэм гукъинэж ящыхъуащ, абыхэм куэд тепсэлъыхьащи, сэ зыубгъуауэ сыкъытеувыIэнкъым.

Си дежкIэ нэхъыщхьэр Борэ и цIыхуфIагъыр, и цIыху хьэлэлагъыр, и цIыху къабзагъэр аращ. Гурэ гурэ зэрощIэ жыхуаIэращи, ди зэхуаку дахагъэ, пэжыгъэ дэлъу илъэс куэд хъуауэ дыкъызэдогъуэгурыкIуэ, дяпэкIи абы дытетыну къыщIэкIынщ. Си шынэхъыжьым хуэдэущ сызэрыхущытыр. Пэжыр жысIэнщи, езым къысхуищIэри, къысхуиIэ гулъытэри куэдкIэ нэхъыбэщ.

Дахэ дыдэу уэрэд жеIэ! Ари Борэ зыхуэIэижьхэм ящыщ зыуэ къыхэзгъэщыну сыхуейуэ аращ.

ЧЫХУМАХУЭ ФатIимэ, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ:* - Хъыдзэдж Борис сэрэ илъэс тIощIым щIигъуауэ дызэдолажьэ. ЦIыху зэпIэзэрытщ, зэчиифIэщ, бзэ дахэ Iурылъщ. Сэ къысхуэщIэжыркъым Борис жимыIапхъэ жиIауэ, и мыIуэху зэрихуауэ, е и лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ щыбгъэдэмыта къэхъуауэ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, пщIэшхуэ хузощI.

Спектакль зыбжанэм дызэдыхэтащ Борис сэрэ, иужьрейуэ дэ зэадэзэпхъуу дыщыджэгуащ Нэш Ричард и тхыгъэм къытращIыкIа «Уэшх зыщэ» спектаклым. Абы Борис и зэфIэкIыр, и зэчийр нэсу къыщигъэлъэгъуащ. Москва къикIа критикхэми, Шэшэным щекIуэкIа фестивалым спектаклыр щытшами къыхагъэщащ Борис и ролыр фIы дыдэу къызэрехъулIар.

Радиом Хъыдзэджым и макъыр дахащэу зэрыщыIур-щэ?! НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм ящыщу сэ ныбжьэгъу схуэхъуахэр куэдрэ къызолъэIу Хъыдзэдж Борис къеджэу тхыгъэхэр къахуэзгъэутыну, яIэрызгъэхьэну.

Сыхуэарэзыщ, Тхьэм гъащIэ дахэ кърит, куэдрэ ди адыгэ утыкур игъэбжьыфIэу лъэпкъым хуэлэжьэну си гуапэщ.

ТЭМАЗЭ Лиуан, *ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэ:* - Артистым и гугъу щыпщIкIэ абы и дуней тетыкIэм, и хьэлым, и цIыхугъэм зы лъэныкъуэкIэ, адреймкIэ - и лэжьыгъэмрэ и IэщIагъэмрэ утепсэлъыхьын хуей мэхъу. ЩыIэщ а Iуэхугъуитlыр щызэпэщIэувэ: IэщIагъэлI нэсу, ауэ цIыхугъэкIэ къыпыпхын щымыIэу е цIыхугъэкIэ хъарзынэу, арщхьэкIэ и лэжьэкIэр мыхьэнэншэу. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Борис а лъэныкъуитIми щехъулIэ артистщ, язэхэзми адрейр щIымыгъуу утепсэлъыхьынкIэ Iэмал имыIэу.

Борис егъэлеяуэ цIыху щыпкъэщ, цIыху зэтетщ. Сэ илъэс 30-м щIигъуауэ соцIыху ари, и макъым зригъэIэтауэ е ину шхыдауэ сщIэжыркъым, зыгуэрым зыгуэр жриIэну хуеймэ, игу илъыр щыпкъэу, зэтету къригъащIэ мыхъумэ. А и хьэлрауэ къыщIэкIынущ Хъыдзэдж Борис и лэжьэкIэм и лъабжьэри. Сэ сигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ зы роль. Зэман гуэркIэ узэIэбэкIыжмэ, Миллер Артур и тхыгъэм къытращIыкIауэ «Ахэр псори си къуэ пэлъытэт» спектакль диIащ. Абы Борис сэрэ зэгъусэу дызэдыхэтати, ролым и елэжьыкIар иджыпсту хуэдэу сощIэж. Мазэрэ ныкъуэрэ хуэдэкIэ яужь дитат абы и гъэувыными, килограмм бжыгъэ хигъэщIауэ щытащ и хьэлъагъым, апхуэдизкIэ и гуи, и пси етауэ, жэщкIэ мыжейуэ елэжьырт ар образми. ИкIи а ролыр, Джо Келлер и образыр, егъэлеяуэ фIыуэ къехъулIащ Борис.

Театрым щылажьэхэм ящыщу адыгэбзэр нэхъыфI дыдэу зыщIэхэм язщ Борис. Зэджа пьесэм, сценарийм, зыхэт спектаклым къыщыхьа псалъэхэр куэдкIэ нэхъ шэрыуэу щызэрихуэкI мыз-мытIэу къэхъуауэ сощIэж.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынохъуэхъу, Борэ. Уи унагъуэкIи, уи лэжьыгъэкIи, уи узыншагъэкIи, уи дунейкIи уефIакIуэу илъэс куэд къэбгъэщIэну сыхуейщи, Тхьэм къыпхузэпищэ!

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Щхьэлыкъуэ и спорт ухуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам Олимп джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч дэщIыгъуу лэжьыгъэ IуэхукIэ Шэджэм районым и Щхьэлыкъуэ къуажэм щыIащ иджыблагъэ икIи зригъэлъэгъуащ абы дэт спорт ухуэныгъэхэр я къалэнхэм зэрехъулIэр.

ПСОМ япэу ахэр къыщыувыIащ «Спортыр гъащIэм и мардэщ», «Демографие» къэрал пэхуэщIэхэм, «Къуажэ щIыпIэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэм япкъ иткIэ жылэм щаухуа спорт комплекситIым.

Спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэм хуэщIауэ Иуаным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет комплексыр 2021 гъэм яухуауэ щытащ икIи спортымрэ физкультурэмрэ захуэбгъэсэн, зэхьэзэхуэхэр щебгъэкIуэкIын хуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи ар зэгъэпэщащ. Мыбы щолажьэ бэнэкIэ хуитымкIэ, панкратионымкIэ, адаптивнэ спортымкIэ секцэхэр. Абыхэм нэмыщI, комплексым иIэщ тренажер, фитнес пэшхэр икIи я ныбжь емылъытауэ къуажэдэс куэд щызэхуэс хабзэщ.

Къуажэм ЛIуп зэкъуэшхэм я цIэр зезыхьэ и уэрамым тет спорт комплексыр 2025 гъэм къызэIуахащ. КъатитIу зэтет мы ухуэныгъэм дзюдом, боксым, спорт гимнастикэм хуэщIа пэшхэр иIэщ.

2024 гъэм, къэрал программэм ипкъ иткIэ, Щхьэлыкъуэ дэт курыт еджапIэ №1-м топджэгу губгъуэ щаухуащ IэрыщI «алэрыбгъу» идзауэ. Абы къыбгъуращIыхьащ волейболымкIэ, баскетболымкIэ, теннисышхуэмкIэ утыку Iэхуитлъэхуитхэр. ЩIыпIэр ихъуреягъкIэ къызэщIагъэнэхуащ иджырей уэздыгъэхэмкIэ, пщыхьэщхьэми ущыджэгуфын хуэдэу.

Апхуэдэуи, а щIыпIэм къыщызэIуахащ гъущIым къыхэщIыкIа, зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпххэм хуэдэ спортзал, метр зэбгъузэнатIэу 520-рэ хъууэ. Ар хуэщIащ бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэм.

Къуажэм и курыт еджапIэ №№1, 2-хэм кикбоксингымкIэ секцэхэр щолажьэ.

Зи гугъу тщIы спорт ухуэныгъэ псори къанэ щымыIэу КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм спорт обрудованэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къызэригъэпэщащ, тренерхэр штатым хигъэхьащ, улахуэхэри яхуигъэуващ.

Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым бэнэкIэ хуитымкIэ спорт зал къыщызэIуахащ бюджетым хэмыхьэ мылъкукIэ. Къуажэбгъум хуэзэу абы и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ шы спортым хуэщIауэ щIыпIэ къыщызэрагъэпэщащ, абы щхьэкIэ узыхуеину хъуар иIэу, шэщри хэту.

ХьэщIэхэр яхуэзащ спортсмен ныбжьыщIэхэмрэ тренерхэмрэ, зрагъэлъэгъуащ ахэр зэрылажьэр икIи псомкIи арэзы хъуахэщ. Абыхэм къадэкIуэу, спорт Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр тыгъэ хэгъэрейхэм хуащIащ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

НыбжьыщIэхэм я усэ зыхэщIэкIэр

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м щагъэлъапIащ Усыгъэм и дунейпсо махуэр. НыбжьыщIэхэм яIущIащ усакIуэ Гугъуэт Заремэ. Iуэхур къызэригъэпэщащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ Жылау Жаннэ.

ЕДЖАКIУЭ цIыкIухэр Заремэ и усэхэм къеджащ, къыщыIуэта гупсысэ и лъэныкъуэкIэ зэпкърахащ. Хэкум, щIыуэпсым, лъэпкъым, адыгэбзэм, адэ-анэм теухуахэм къеджа нэужь, ахэр тепсэлъыхьащ щхьэж и гум нэхъ дыхьахэм. УсакIуэм иратащ литературэм теухуа упщIэ гъэщIэгъуэнхэр: «Адыгэшым и теплъэр уи усэхэм куэдрэ къыхощ, ар яхэплъагъукIрэ псэущхьэхэм?», «Япэу птха усэр пщIэжрэ?», «Адыгэ усакIуэхэм е тхакIуэхэм ящыщу хэт нэхъ уи гум дыхьэр?», «Студент гъащIэр, журналист IэщIагъэр къыщIыхэпха щхьэусыгъуэр...», «УсакIуэм хьэл-щэн гуэр хэлъ нэгъуэщIхэм емыщхьу?», «Усэ птха нэужь, хэт япэу къебгъаджэр?», «Сыт узыгъэусэр?», нэгъуэщIхэри.

Усэным зэрыдихьэхам щытепсэлъыхьым Гугъуэт Заремэ жиIащ ар анэ лъагъуныгъэм къызэрыхэкIар, япэу абы зэрытетхыхьар. Адыгэшыр фIыуэ щIилъагъум щIэупщIа щIалэ цIыкIум и упщIэм пэджэжащ сабиигъуэм къыхиха зы гукъэкIыжкIэ:

- СыщыцIыкIум, псыхъуэмкIэ щыIэ ди жыг хадэм ситу, хадэбгъумкIэ куэдрэ блахурт шы гуартэ. Шыхэр зэпысплъыхьырт, я дахагъэм ситхьэкъуу. Абыхэм яхэтт шыщIэ цIыкIухэр, натIэху, лъакъуэху, кIапэху хъужахэу. Псом хуэмыдэжу абыхэм сехъуапсэрт... Абы щегъэжьауэ шыр фIыуэ солъагъу. Адыгэм и гъащIэм ар зэрыхэтымрэ адыгэшым и тхыдэ къулеймрэ абы хэлъхьэжи, шым ухуэмыусапIэ иIэ?! - жиIащ.

Усэным нэхъыбэрэ и гур къыхуэзыгъэушым щытепсэлъыхьым, къыхигъэщащ и дэтхэнэ усэми щIыуэпсым теухуа гупсысэ зэрыпхышар, псом хуэмыдэжуи къыщалъхуа къуажэм и теплъэр гупсысэ къигъэхъуапIэ зэрыхуэхъур. УсакIуэм хэлъын хуей хьэл нэхъыщхьэу Заремэ къыхигъэщащ пэжагъыр, псэм къыIэпыкI усыгъэм фэрыщIагъэ хэплъхьэ зэрымыхъунур. Балигъ хъуа нэужь, ныбжьыщIэхэр еджэну чэнджэщ яритащ КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ», Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романхэм. УсакIуэм жиIащ Хэкум щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм нэмыщI, хэхэс адыгэ литературэ зэрыщыIэр - хамэ щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм тхакIуэхэр, усакIуэхэр зэрахэтыр икIи абыхэм я тхыгъэхэм Хэку лъагъуныгъэр лъэщу къызэрыщыгъэлъэгъуар. Заремэ тепсэлъыхьащ Хьэх Сэфарбий зи унафэщIу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ зэгухьэныгъэр сэбэп къызэрыхуэхъуами. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэса илъэсхэр игу къигъэкIыжу, Заремэ къриIуащ абы щезыгъэджа, и диплом лэжьыгъэр щитхым и щIэныгъэ унафэщIу щыта, ноби куэдрэ упщIэжэгъу ищI профессор Бакъ Зерэ и цIэр.

Заремэ и псалъэхэм щыхьэт техъуащ Жылау Жанни:

- Зареми сэри Бакъ Зерэ и деж щыттхауэ щытащ ди диплом лэжьыгъэхэр. Университетым дыщIэсыху, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр, макъамэтххэр, щIэныгъэлIхэр къытхуригъэблагъэурэ дигъэцIыхуащ. Абы нэмыщI, ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм теухуауэ екIуэкIа «Нанэ» проектым дыхэту, лъэпкъ IуэхукIэ зекIуэ Тыркум дишауэ щытащ студент гуп. А псор ди гум гуапэу илъщ, - жиIащ абы.

Курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Нэгъуей Заремэ жиIащ еджакIуэхэм папщIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр зэрыщхьэпэр, апхуэдэ щIыкIэкIэ ахэр художественнэ тхыгъэ нэхъыбэ еджэну зэрыпхутегъэгушхуэр.

- Адыгэ псалъэм и дахагъэ щызыхэтщIащ нобэ ныбжьыщIэхэр къызэджа уи усэхэм. ЩIэблэм я дежкIэ куэд и уасэщ, тхылъкIэ зэрагъэцIыху къудей мыхъуу, усакIуэм езыхэр IущIэну, епсэлъэну. Ди еджакIуэхэм я гум илъынущ мы зэIущIэр, тхыгъэщIэ птхыхукIи еджэнущ. Мыр адыгэбзэм и къарум, и купщIэм гу лъегъэтэнымкIэ зы Iуэху дахэщ, - жиIащ еджапIэ библиотекэм и лэжьакIуэ, школ театр къызэригъэпэщауэ цIыкIухэм ядэлажьэ Шыбзыхъуэ Анжелэ.

Гугъуэт Заремэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ бзэм и IэфIыр зыхащIэу, литературэм нэхъри дихьэхыу, ерыщу еджэну. ЯжриIащ я упщIэ гъэувыкIэри усэ къеджэкIэри игу зэрырихьар.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

ПэхуэщIэхэм я фIыгъэкIэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм и курыт еджапIэ №2-р къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж мы махуэхэм. Ар зэраухуэрэ илъэс 60-м щIигъуащ икIи «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Егъэджэныгъэм зегъэужьын» къэрал программэм и фIыгъэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ мыбы япэу щызэхаублэу аращ.

ИДЖЫПСТУ лэжьакIуэхэм ухуэныгъэм и пкъыгъуэжьхэр: пхъэ щхьэгъубжэ-бжэхэр, лъэгухэр, кафелхэр, н.къ. къыпкърахыж. ИужькIэ унащхьэмрэ IуплъапIэмрэ зыхуей хуагъэзэнущ, инженер коммуникацэр къанэ щымыIэу зэрахъуэкIынущ.

ДызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ныбжьыщIэ 225-м иджырей школ зэпэщ яIэ хъунущ, жаIащ лэжьакIуэхэм.

УнэтIыныгъэ куэдкIэ

«Щэнхабзэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Налшык къалэм макъамэмкIэ и сабий еджапIэ №2-р къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ 2022 гъэм.

А ЕДЖАПIЭР 1903 гъэм яухуауэ щытащ икIи ар зыхуей хуагъэзэн щхьэкIэ лэжьыгъэшхуэ абы щрагъэкIуэкIащ: унащхьэр, и кIуэцIи, и щIыби къагъэщIэрэщIэжащ, иджырей унэлъащIэри, Iэмэпсымэхэри щIагъэувэжащ.

Иджы сабий 400-м нэблагъэм Iэмал ягъуэтащ я творчествэ зэчийм абы щыхагъэхъуэну, зыщаужьыну. Мыбы щыхурагъаджэ макъамэмкIэ унэтIыныгъэ зыбжанэм: фортепианэм, лъэпкъ макъамэхэм, накъырэм, бэрэбаным, Iэпэпшынэм, гитарэм, нэгъуэщIхэми я щэхухэм.

КIэщIу

ЕджапIэм сабийхэм ядэлэжьэн щыщIидзэр абыхэм я ныбжьыр илъэси 6,5-рэ ирикъуа нэужьщ икIи илъэсибгъукIэ ахэр ягъасэ.

Фэеплъ мыкIуэдыжхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхэмрэ районхэмрэ жыгыщIэхэр куэду щыхасэнущ мы гъэм: псори зэхэту гектари 175,4-м щагъэтIысынущ жыг мин 287,3-рэ.

АБЫХЭМ яхэтынущ бзииху, кIей, мыIэрысей, кхъужьей, дей, блашэ, кIарц, жыгей, пхъэхуей, нэгъуэщI жыгыщIэ цIыкIухэри. Лэжьыгъэхэр мэлыжьыхьым ирагъэжьэнущ икIи мэкъуауэгъуэ хъуухукIэ екIуэкIынущ.

Жыг цIыкIухэр къэралым и дэнэ щIыналъи щыхасэ «Фэеплъым и жыг хадэ» фIэщыгъэр зезыхьэ дунейпсо жэрдэмым ипкъ иткIэ икIи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытыр, щIыпIэхэр къызэщIэгъэдэхэным и мызакъуэу, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ мыкIуэдыжхэр гъэувынырщ.

Уэрамым йолэжь

Налшык къалэм Мэзлом и цIэр зезыхьэ уэрамыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын щIадзащ. Лэжьыгъэхэм хыхьэу псы къабзэ, хуабэ зэрыкIуэ, зэбгрызытыкI бжьамийхэр зэрахъуэкIынущ, ток кIапсэщIэхэр щаукъуэдиинущ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, светофорыр къагъэщIэрэщIэжынущ.

НОБЭКIЭ лэжьакIуэхэм уэрамыщхьэм телъа асфальтыжьыр тратхъунщIыкIащ, мывэхэмкIэ къэрагъэбыдэкIащ. Иджыпсту зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыхагъэщхьэхукI, асфальтыщIэ зэрытралъхьэнум гъуэгу щхьэфэр хуагъэхьэзыр.

Планым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, гъуэгур зыхуей хуэгъэзэным къыдэкIуэу, мэжджыт гупэр, лъэс лъагъуэхэр, унэ бжэIупэхэр зэIузэпщ ящIынущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, къыщыхагъэщхьэхукIынущ.

Лэжьыгъэхэр мы гъэм гъатхэм зэфIагъэкIынущ.

ПсэупIэу 168-рэ

2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкIэ и фондым ди республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэу 168-рэ зыхуей хуигъэзэнущ. Ар псэупIэу 100-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ зэIузэпщ ящIам елъытауэ. А Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдэнущ псори зэхэту сом мелардрэ мелуан 300-рэ.

КъБР-м и ЩIыналъэ операторым къызэритамкIэ, мы гъэм нэхъыбэу зытрагъэщIэнур псэупIэхэм я унащхьэхэр къэгъэщIэрэщIэжын лэжьыгъэрщ. Абыхэм къызэщIрагъэубыдэнущ фэтэр куэду зэхэт псэупIэу 143-рэ. Апхуэдэуи, дызыхуэкIуэ илъэсищым къриубыдэу унэхэм щIэт лифтхэм ящыщу 28-рэ зэрахъуэкIынущ: 2-р - унэхэм щыпсэухэм щхьэхуэу зэхуахьэса ахъшэмкIэ.

КъищынэмыщIауэ, 2025 гъэм республикэм къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ фэтэр куэду зэхэт псэупIэу 68-рэ. Абыхэм ящыщу 48-м, унащхьэхэр зэрыщызэрахъуэкIам къыдэкIуэу, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкIащ. Къуажэ щIыпIэхэми я псэупIэ зыбжанэм я унащхьэхэри къагъэщIэрэщIэжащ.

Мыдрейуэ, нэгъабэ фондым къыпэщылъа къалэнхэр къанэ щымыIэу игъэзэщIащ икIи абыкIэ Урысей Федерацэм и ЩIыналъэ оператор нэхъыфIищым яхыхьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

Бажэмрэ щхьэлтетымрэ

Псэущхьэхэм я хьэл-щэнхэр наIуэу къызыхэщ таурыхъхэм яфIэфIщ цIыкIухэм. Ноби апхуэдэ зы фыкъеджэ ДАДЭ Адэлбий итхыжауэ.

ЗЫ ЛIЫЖЬ цIыкIу къулейсыз гуэрым щхьэлыжь тIэкIу зэригъэпэщауэ ирипсэурт. А щхьэлым абы кърилэжьыфыр зыкъуэмылIыкIын тIэкIут. Абы зы бажэжь цIыкIу къеуасэри, махуэм щхьэлым къыщIэкI хьэжыгъэ зэ пщэфIыгъуэр къибзеижауэ нэху къригъэкI хъуащ. ЛIыжь цIыкIур зэгуоп, мэгузавэ, и хьэжыгъэ тэкIур фIэзышхыр сыт имыщIэми къыхуэщIэркъым.

«Хьэуэ, - егупсысащ икIэм-икIэжым лIыжь цIыкIур, - лIэм зыгъэлIэн ешх жыхуаIэраращи, хъужынукъым жей симыIэу семыплъакIуэу».

Арати, зы жэщ гуэрым хьэжыгъэ тIэкIур зыдэлъ ашыкым и гъунэгъуу тIысыпIэ ищIри щхьэлым зыкъыщIигъэнащ. Абдежым куэд дэмыкIыу Бажэжь цIыкIур къыщIыхьэри хьэжыгъэ зыдэлъ ашыкым зыдигъэхуащ. ЛIыжь цIыкIум бажэр къиубыдащи и пщэр фIиубыдыкIауэ екъуз.

- Сэ шхын щхьэкIэ сызыгъалIэ бажэ напэншэ! Устхьэлэн, хьэмэрэ упсэууэ уи фэр тесхын! – мэкIий лIыжь цIыкIур.

Бажэр гужьейри, къэлъаIуэу щIидзащ:

- Ей, лIыжь цIыкIу, сэ сыбукIкIэ уи сэбэп хэлъкъым, къуэ сыпщIмэ, сэбэп сыпхуэхъунщ.

- Сыт уэ сэбэпыншэр къуэ усщIкIэ къысхуэпщIэфынур? Абы нэхърэ устхьэлэрэ сигу птезгъэзагъэмэ, нэхъыфIщ, - жеIэри нэхъри ирегулI.

- Хьэуэ, сэ пхуэзмыщIэфын щыIэкъым, ущыгуфIыкIыжынщ, уэзгъэIуэтэжынщ, къуэ сыщI, - жеIэри бажэр къолъэIу щхьэлтетым.

Арати, лIыжь цIыкIум бажэр къуэ ищIащ.

- ЖыIэ иджы, си адэ, - жеIэ бажэм, - иджыпсту сыт нэхъ ухуэныкъуэ?

- Плъагъуркъэ, си щIалэ, сыпцIанэщ, гъэмахуэм дыгъэм сримыгъэсу, щIымахуэм щIыIэм сыщихъумэу зы джэдыгужь сиIатэмэ, зэи зыщысхынтэкъым, - жиIащ лIыжь цIыкIум.

- АтIэ ар гугъу, си адэ, джэдыгу сэ пхуэзгъэпэщынкъэ, - жиIэри бажэжь цIыкIур ежьащ.

Губгъуэр къызэхикIухьу, дзыгъуэгъуэ хуэзэми къитIэщIу, дзыгъуэ цIыкIу зыIуридзэнми хуэмыщхьэхыурэ, жэщ хъуауэ мэжэлIауэ хъуакIуэщакIуэ къежьа дыгъужьибгъум яхуэзащ. Дыгъужьхэм бажэжь цIыкIур къаувыхьащи, я дзэхэр зэтрагъауэ, къокIуэталIэхэр. Бажэжь цIыкIум сыт ищIэнт, и кIэр и бэкъум диупщIэжауэ, и псэр къызэрыригъэлын Iэмалым йогупсыс.

- Ей, си къуэшыфIхэ! – яжреIэ абы дыгъужьхэм, - фэ слъагъухэр фымэжэщIалIэщи, сэ фыкъызэдаIуэмэ, фи ныбэм Iэ дывэзгъэлъэжынщ, фызгъэтхъэжынщ.

- ДынодэIуэнщ, къыджеIэ дыбгъэшхынур! Iэууу! Iэу... Iэуу... Iэууу! – къызэщIэвауэ дыгъужьибгъур зэщIокъугъэ.

- Хьайдэ, си ужь фыкъиувэ! – жиIэри бажэр ущу ежьащ, дыгъужьибгъур абы кIэлъожэ, зым и лъэмбым зыр ипкIэу. КIуэхэурэ, псы куу хуэм гуэрым и Iуфэм нэсхэри, бажэм дыгъужьхэм закъыхуигъэзащ:

- Иджы, си къуэшхэ, фэ къывэхьэлъэкIынуми сщIэркъым, пэжыр жыIэн хуейщ, мыбы гугъуехь пылъщ, ауэ пылъми иужькIэ фытхъэжынущ. Аращи, гугъуехым фыщымышынэ...

- Хъунщ, хъунщ, кIэщI зегъэщI!..

- Къып... Къып... Къып!.. Дэ домэжалIэ! - дыгъужьибгъур зэрогъэкIий, зэщIокъугъэ.

Бажэр зыIурадзэну къыхуодзэлашхэхэр.

- Ей, си къуэшхэ! - жеIэ зигъэдыхьэшхыпцIу бажэм. - Абы фIэкIа шыIэныгъэ фхэмылъу сэ фыкъызыхуэсша тхъэгъуэр къывэхъулIэнкIэ Iэмал зимыIэщ ... АтIэ, аращи, си къуэшхэ, шыIэныгъэ фиIэну фхузэфIэкIынумэ, ныжэбэ нэху щыху зывмыгъэхъейуэ мы псым фыхэт. ПщэдджыжьнэхузэрыщУ, зы щIалэ цIыкIу гуэрым жэм пшэр куэд къихунущи, ахэр псафэ къызэрыдыхьэу фшхы фызыхуейм хуэдиз. Аращи, си къуэшхэ, пщэдджыжь жэм пшэркIэ зывгъэнщIыжыну фыхуеймэ, псым фыхэувэ!

- Iэууу!.. Додэ... Къып... Къы п... Къып! – жаIэри дыгъужьибгъур псым хэпкIащ.

- Ауэ, си къуэшхэ, - жеIэ аргуэру бажэм, - зыгъэхъей хэмыту нэху щыху фыхэмытмэ, сэ сывмыгъэкъуэншэж, фи гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъунущ. Абы адэкIэ, си къуэшхэ, сэ ищхьэмкIэ сыдэкIуеинщи, мы жэщ уаем щIыIэм фимысын щхьэкIэ, хьэуазэ псым къыхэспхъэурэ къыфхурезгъэхьэхынщ.

Мис а щIыкIэм тету, бажэжь цIыкIум хьэуазэ къыхикIутэурэ, дыгъужьибгъур быдэу псым хигъэщтыхьауэ нэху къекIащ. Жэм пшэрхэм я пIэкIэ, пщэдджыжьым жьыуэ лIыжь цIыкIур, зы бжэгъу цIынэрэ зы сэ жанрэ иIыгъыу, бажэм дыгъужьхэм къахуишащ. ЛIыжь цIыкIур куэдрэ емылIалIэу бжэгъу цIынэмкIэ дыгъужьибгъур иубэрэжьащ. Щхьэлтетым дыгъужьыфэ джэдыгур къыщитIэгъа нэужь: «Пэж дыдэу, къуэкIэ сехъулIащ», - жиIэри бажэр къуэ зэрищIам щыгуфIыкIыжащ.

Къэлэрдадийр гъатхэм и нэщэнэщ

Гъатхэм и нэщэнэ дахэхэм ящыщщ къэлэрдадий (тюльпан) зэмыфэгъухэм нэр ягъэгуфIэ зэрыхъур. Ди къэралым хабзэ щыхъуащ гъатхэпэм и 8-м бзылъхугъэхэм къэлэрдадийр ирату. АтIэ гъэгъахэм я теплъэр зэрыдахэм хуэдэу, езым я хьэл яхэлъыжщ, тхыди яIэжщ. Удз гъэгъам нэхъри нэIуасэ зыхуэпщIыну гъэщIэгъуэнщ.

Къэлэрдадий лъэпкъыгъуэу мини 10-м нэблагъэ щыIэщ.

Дунейм псом ар къыщалъытэ гухэлъым, насыпым, гуапагъэм, псэхугъуэм я нэщэнэу.

ЛIэужьыгъуэщIэ къэбгъэкIыным илъэс 20 хуэдиз токIуадэ.

Зы къэлэрдадийм зы гъэгъащ къищI хабзэр. Ауэ щыIэщ гъэгъаиплIым нэблагъэ къызыпыкIэхэри.

Абы нэхъ пэгъунэгъу дыдэщ аIуудзыр (лилиер). ИтIанэ бжьыныхумрэ бжьыныхумрэ.

1634 гъэм щегъэжьауэ 1637 гъэ пщIондэ къэлэрдадийр дуней псом къыщыкI удз гъэгъахэм я нэхъ лъапIэ дыдэу ябжу щытащ. А зэманым, уеблэмэ Голландием унэр щынэхъ пудт абы нэхърэ. ЖыпIэнурамэ, зыхузэфIэкIхэр дихьэхыпат а удз лIэужьыгъуэм.

И гъэгъахэр пшхы мэхъу, абы салатхэр, IэфIыкIэхэр псыхэкIхэр ирагъэщIэращIэ.

Голландиер къэлэрдадий нэхъыбэу щагъэкI къэралщ. Илъэс къэс нэгъуэщI щыкIэхэм абы ирегъашэ гъэгъам щыщ миллиарди 3-м нэблагъэ.

Голландием и цIыхухэм ар япэу яригъэцIыхуащ фламандие удзгъэкI Кризиус Каролус. Аращ япэу къэлэрдадийм и лъабжьэр Лейден университетым и хадэм щыхэзысар.

Голландием къэлэрдадийхэр XVI лIэщIыгъуэм нэсащ, Тыркум ирашри.

Къэлэрдадийм и хэкуу къалъытэр Къэзахъстэнырщ. Сыту жыпIэмэ, абы къыщагъуэтащ мэзым къыщыкI къэлэрдадий лIэужьыгъуэ куэд.

Къэлэрдадийр къипча нэужь занщIэу хэхъуэныр зэпыуркъым, махуэ зыбжанэм къриубыдэу сантиметри 2,5-кIэ докIей.

Хадэм аэр щыхэпсэмэ нэхъыфIщ жэпуэгъуэм и кIэухым е щэкIуэгъуэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу. Сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэм дунейм иIэ щIыIагъэм къыхыхьэнкIэ шынагъуэ вирус лIэужьыгъуэхэр еукI.

Къэлэрдадийр зыхэт гъэгъа Iэрамэ зэхэбгъэувэнумэ, абы гъусэ хуэпщIыну йокIу аIуудзыр, хризантемэр, ирисыр, тхьэгъуцIацIэр (колокольчик). Ауэ ар гъунэгъу хуумыщIмэ нэхъыфIщ къэлэрдэгумрэ (ландышь)нарциссымрэ. Абыхэм яхэбгъэувэмэ, къэлэрдадийр щIэхыу мэхуалэ.

НАФIЭДЗ Данэ.

Щхьэцым теухуауэ

Щхьэцыр зэхэтщ кератинрэ белокрэ аминокислотауэ. Щхьэцыр захуэу е баринэу щытыныр зэлъытар «фолликул» жыхуаIэм и щытыкIэрщ. Фолликулхэр хыуэ зэтопщIыкI, абыхэм къикIыкI щхьэцыр - щыуэ.

Иджырей технологиехэр жыжьэ зэрынэсам и фIыгъэкIэ, цIыхум и щхьэц налъэ закъуэр къэпхутэу, абы теухуауэ куэд къыпхуэщIэнущ, зыщыпсэу щIыпIэр, цIыхум ишхырейр, щхьэцым ирихьэлIэр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыху балигъым и щхьэфэм щхьэц налъэу мин 90-м щегъэжьауэ мини 150-м нэблагъэ тетщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, щхьэц налъэхэм я бжыгъэр елъытащ абыхэм яIэ плъыфэм. Сырыхухэм я щхьэцыр нэхъ Iув хабзэщ, щхьэц плъыжьыфэхэр нэхъ пIащIэщ.

Щхьэцым и фэ нэхъыщхьэу щIэныгъэм къыхигъэщхьэхукIыр щыщ зэрыхъур: фIыцIэ, сырыху, плъыжь. Абыхэм къатепщIыкIыу аращ адрей плъыфэ 300-м нэблагъэр.

Дунейм нэхъыбэ дыдэу тет щхьэц плъыфэр фIыцIэрщ. ЦIыхухэм я процент 50-м я щхьэцыр фIыцIэщ. Нэхъ мащIэ дыдэу узрихьэлIэнур щхьэц плъыжьхэрщ – процентитI къудейщ. Щхьэцыр езыр егъэлеяуэ псынщIэу къокI.

КъызэрахутамкIэ, ику иту цIыхум махуэм къриубыдэу къыхэхункIэ хъунущ щхьэц налъэу щэм нэблагъэ. Щхьэцыр щыпсыфым деж нэхъ кIыхьщ процент 20-30-кIэ. Псыр зэщIэзыфа щхьэцыр нэхъ хьэлъи, нэхъ кIыхьи мэхъу, дауи.

Щхьэцым къикIын хуейуэ и хабзэщ. Ауэ а къикIхэм япIэкIэ щхьэц налъэщIэхэр къокIыж. Къапщтэмэ, цIыхум и щхьэцыр къокI и гъащIэм и кIыхьагъкIэ.

И щхьэцым и кIыхьагъымкIэ дунейпсо рекорд игъэуващ китай бзылъхугъэ Сюхэй Ся – абы и щхьэцыр метри 6-м фIокI.

ЦIыхум и щхьэцыр щIэхыу ягъэтхъункIэ хъунущ гъащIэм, гупсысэ хьэлъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. ЩIэныгъэр зэрыщыгъуазэмкIэ, къэхъуащ цIыхум и щхьэцыр тхьэмахуитIым и кIуэцIым хужьу щытхъуа.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Зэхуэсышхуэм къэрикIуахэр

Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм, гъатхэпэм и 18-м щыхэплъэжащ театр лэжьакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Школьные театры в системе культурной и молодежной политики Российской Федерации: приоритеты и механизмы реализации» Iуэхум траухуа зэхуэсышхуэм къэрикIуахэр. Ар къыхалъхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам хыхьэу, УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ къэралым щрагъэкIуэкIыну яубзыхуа зэхыхьэхэм щыщ зы Iыхьэу.

КЪЭРАЛЫМ и федеральнэ щIыналъэ 60-м къикIа режиссёр, сценарист, актёр, егъэджэныгъэ Iуэхум пыщIа цIыху цIэрыIуи 150-м щIигъур махуищым къриубыдэу зыхэта зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ныбжьыщIэхэм зэужьынымкIэ школ театрым и мыхьэнэм щыщIэдзауэ сабийхэм я театрхэм я лэжьэкIэр Iыхьэ щхьэхуэу зыхрагъэубыдэну «Урысей Федерацэм и театрхэм 2035 гъэ пщIондэ зэрызрагъэужьыну щIыкIэм» хагъэхьэну методикэхэм щыщIэкIыжу.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм ящыщщ сабий театрхэр музыкэ, художественнэ школхэми къыщызэIухын, къызэрыгуэкI егъэджакIуэхэр мыхъуу, театр щIэныгъэ зиIэхэм щIэблэр ирагъэджэн зэрыхуейр. НыбжьыщIэхэр театрым зэрыдебгъэхьэхынум ехьэлIа я Iуэху еплъыкIэхэр, щIыналъэхэм абы щаIэ ехъулIэныгъэхэр зэхуэсым чэзууэ къыщагъэлъэгъуащ къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэм. Зэхыхьэм хэтахэм я гупсысэхэр зэпэджэжырт икIи зыхуэкIуэжыр, нэгузыужьыпIэ къудей мыхъуу, сабийхэм я гъэсэныгъэмкIэ, гъуазджэм хэлъ дахагъэр зыхегъэщIэнымкIэ, щэнхабзэм, тхыдэм, хабзэм пщIэ хуащIу къэхъунымкIэ школ театрхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, Урысейм и щIыналъэ псоми абы зыщрагъэужьыну зэрыхуейрат.

- КъапщтэмэI, ди нэгу щIокI ныбжьыщIэ гъэсэгъуейхэр къызэрыгуэкI сабийхэм я гъащIэ узыншэм къыхэшэжынымкIэ социальнэ театрыр зэрыщхьэпэр, - жиIащ УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Скляр Надеждэ. – Гуапэщ школ куэдым я театр зэраIэжыр, сабийхэр спектаклхэм зэрыхэтыр. Къэралым и школ театрхэм зы унэтIыныгъэм тету згъэужьыным, цIыкIухэм яфIэфIу театрым екIуэлIэным дытелэжьэнущ.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ психологие, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, МГПУ-м педагогикэ, психологие щIэныгъэхэмкIэ и институтым и профессор, УФ-м и Правительствэм егъэджэныгъэмкIэ и саугъэтыр зыхуагъэфэща Ясвин Витольд, «Пэрытхэм я зэгухьэныгъэм» кино, театр IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сатинэ Екатеринэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ Театр институтым актёр IэзагъэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыщхьэ Стасюк Валентин, нэгъуэщIхэри.

УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм «Театры России. От наследия к инновациям» Iуэхум хыхьэу, зэIущIэр къызэригъэпэщащ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президент фондымрэ и дэIэпыкъуэгъуу. 2026 гъэм мыпхуэдэ зэхуэсхэр иджыри щрагъэкIуэкIынущ къэралым и щIыналъэ зыбжанэм. Абы и иужьрей урысейпсо зэхыхьэм Iуэхум къэрикIуар къыщызэщIакъуэжынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Ди кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм и тхыдэм щыяпэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Налшык» аэропортым и тхыдэм щыяпэу ди къухьлъатэ телъэтыкIыпIэм къыщетIысэхащ Аэрофлотым и «Airbus A321» кхъухьлъатэ лъэщыр. Гъуэгуанэхэм ящыщу абы зэпич хабзэр курытхэмрэ нэхъ жыжьэхэмрэщ. Кхъухьлъатэр ди деж къыщыувыIэн хуей щIэхъуар, Мэзкуу къалэм къикIыу ар здежьа Краснодар къалэм и аэропортыр абы и етIысэхыгъуэм ирихьэлIэу пIалъэкIэ зэрызэхуащIарщ. Арати, ар Налшык къагъэкIуащ.

«Airbus A321»-р ныкъусаныгъэншэу ди аэропортым къыщетIысэхащ, икIи зыхуеину псомкIи дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ. Апхуэдэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэм хуэдэхэр Налшык къэкIуэркъым икIи ди аэропортым и дежкIэ мыхьэнэ ин иIэщ ар абы къызэрыщытIысыфам, кхъухьлъатэм и инагъыр къэлъытауэ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэжраща, абы къигъэлъэгъуащ «Налшык» аэропортыр апхуэдэ кхъухьлъатэхэми нэхъ иныжхэми ядэлэжьэным зэрыхуэхьэзырыр.

КъищынэмыщIауэ, 2025 гъэм и мазаем Урысей авиацэм ди республикэм и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм хуитыныгъэ къритащ «Airbus A321», «Boeing 737-900», «Boeing 757-200» хуэдэхэр абы къыщетIысэх икIи щытелъэтыкI хъуну.

Апхуэдэ кхъухьлъатэхэр ди деж къызэрыкIуэм IэмалыщIэхэр республикэм кърет «Налшык» аэродромым и инфраструктурэр иригъэфIэкIуэну, и зэфIэкIхэмрэ здэлъатэ щIыпIэхэмрэ я куэдагъым къыхигъэхъуэну, жаIащ IэщIагъэлIхэм.

НАУРЫЗ Мысост.

ПыIэ зэIэпых

Сабий джэгукIэ

ЩIалэ цIыкIухэри хъыджэбз цIыкIухэри джэгу мэхъу. ГупитI защIа иужькIэ, зэпэмыжыжьэу мывитI ягъэтIылъ е башитI хаукIэ. Абы къапэщыту лъэбакъуэ тIощI хуэдизкIэ нэгъуэщI башитIи хаукIэ е мывитI къагъэтIылъ. ИтIанэ гупхэр зыбгъэдэт я баш зырызым пыIэ фIалъхьэ.

ДжэгукIэр зэрекIуэкIыр мыращ: джэгуныр къыщIэзыдзэхэм джэгуакIуитIым пыIэхэр башхэм къыфIапхъуэтри адрей башхэм нэс яхь, абы фIадзэри псынщIэу къагъэзэж. Ахэр къызэрысыжу нэгъуэщIитI (гуп къэс я зырыз) щIопхъуэри, пыIэхэм нос, ахэр къыфIапхъуэтри къахьыж, япэм ещхьу, башхэм фIалъхьэж.

ПыIэр башым къыфIэхужамэ, ягъэзэжу фIалъхьэжын хуейщ. Апхуэдэурэ япэ ищ гупыр токIуэ.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. КъэкIыгъэ лъабжьэ, лыбжьэ хэлыбжьэ. **4**. ЛIым я фащэ, шым я уанэ. **6**. КIапэгъэсысу жыгыщхьэрыс, жыгыщхьэрысу пцIыупсырей. **7**. Небэ-къебэу джабэм дэкI. **9**. Зи щхьэр хъуаскIэ, зи кIэр ласкIэ. **10**. Къудамэ лъабжьэ, джыдэжь гъэлъей. **11**. КIуаукIуау лъэрыч, къуажэр щэ зэпызыч.

Къехыу: **2**. Лъакъуэ зимыIэу бжьакъуэ зытет. **3**. Ди бадзэ гуп жыг щхьэкIэщ. **5**. Жэщ уэздыгъэ, губгъуэ гъэдахэ. **8**. КIэ бэлацэ дыгъуэрей, ди джэдкъазхэм теуэрей.

Жэуапхэр

ЕкIуэкIыу: **1**. Бжьын; **4**. ЩIакIуэ; **6**. Къанжэ; **7**. Бабыщ; **9**. МафIэз; **10**. Гуанэ; **11**. Гуэгуш.

Къехыу: **2**. НэщIэпкIэ; **3**. Бжьэ; **5**. Мазэ; **8**. Бажэ.

Зыхэзылъхьар
БИЦУ Жаннэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.267
Заказыр №551
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.